

## Resous pou Aprantisaj Adomisil

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach angaje l pou bay fanmi nou yo resous ak aktivite pou sipòte aprantisaj adomisil pou tout elèv nou yo.

Pandan semèn k ap vini yo, oumenm ak pitit ou yo ta swete gen aksè ak divès aktivite ak materyèl aprantisaj sou kontni espesifik ki disponib sou entènèt atravè Sit entènèt Distri a.

- Pou konekte elèv nan sit entènèt distri a toudabò ale sou paj entènèt *Palm Beach County School District* la ki se: <https://www.palmbeachschools.org/>.
- Klike sou “Sign In” ki nan kwen anwo adwat ekran an.

Pou elèv ki pa konnen non itilizatè yo ak/ oswa modpas yo (*username and/or password*), tanpri rele lekòl ou a dirèkteman pou asistans. Chak pwogram ki mansyone pi ba yo te prepare pou elèv ou a itilize l poukont li.

### > Matematik pou klas Jadendanfan jiska 5<sup>yèm</sup> Ane



Pearson SuccessMaker

*SuccessMaker* se yon platfòm entèraktif ki baze sou estanda ki prepare pou devlope ak mentni konsèp fondamantal yo anseye matematik nan Jadendanfan jiska 5<sup>yèm</sup> ane. Elèv ou a pral fè eksperyans yon prezantasyon ekzèsis endividyalize ak leson konplè ki vize konsèp preliminè matematik avèk opòtinite pou akselere ak menm depase nivo klas li ye a. Klike sou lyen [Using SuccessMaker at Home](#).


### >Klas Matènèl jiska 12<sup>yèm</sup> Ane, Tout Matyè yo



Khan Academy


*Khan Academy* ofri ekzèsis pratik ak videyo edikatif pou matematik, syans, istwa, ak lòt ankò, ki pou gide elèv depi nan jadendanfan rive nan *calculus* pandan y ap itilize dènye modèl teknoloji ki idantifye pwen fò ak lakin nan aprantisaj. *Khan Academy* ap ofri tou sipò *College Board* apwouve pou klas Plasman Avanse (*Advanced Placement*) ak pratik SAT pèsonalize. **REMAK:** Pou elèv ki pi jèn nou yo, [Khan Academy Kids](#) ofri yon sekans aprantisaj, angajan, adaptif, pou elèv ki nan klas Matènèl yo.

### Kominikasyon Oral/Ekri, Syans, ak Syans Sosyal Pou Klas 2<sup>yèm</sup> – 12<sup>yèm</sup> Ane



Newsela

“*Newsela*” se yon platfòm materyèl edikatif ki ofri plizyè milye (1000) atik enteresan konsènan *English Language Arts* (Kominikasyon Oral/Ekri), *Social Studies* (Syans Sosyal), *Science* (Syans), ak *Social-Emotional Learning* (Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl). Tout lektè gen aksè nan atik yo paske yo kapab li chak atik nan nenpòt nan 5 diferan nivo lekti epi *Newsela* enkli plis pase 1000 atik otantik an Panyòl ki kapab konvèti ann Anglè si sa nesesè. Chak jou, *Newsela* ajoute 10 nouvo atik sou platfòm yo. Chak atik *Newsela* fini ak yon kwiz (quiz) ki gen 4 kesyon pou mezire konpreyansyon elèv la.




## Resous pou Aprantisaj Adomisil

### Lekti Pou Klas 6<sup>yèm</sup> – 12<sup>yèm</sup> Ane



“**Reading Plus**” ofri sipò lekti adapte ki fèt nan lide pou ogmante motivasyon, efikasite, ak konpreyansyon. Pwogram adapte sa a ofri elèv yo chwa ak kontwòl pou pratike poukont yo. Platfòm SeeReader a bay elèv yo tèks konsènan yon varyete sijè ki genyen, tousuit aprè, kesyon konpreyansyon ki fèt pou ogmante rapidite ak konpreyansyon elèv la nan lekti. Platfòm *ReadAround* nan sipòte devlopman ak aplikasyon vokabilè ki adapte pou chak elèv. Nan itilize “flashcard” dijital, elèv la seleksyone definisyon kòrèk la epi itilize nouvo mo vokabilè nan yon fraz kòrèkteman.

### Lekti Pou Klas Jadendanfan– 5<sup>yèm</sup> Ane




**i-Ready** bay pratike pèsonalize nan lekti ak ansèyman ki baze sou nivo abilite chak elèv pèsònèlman. Leson *i-Ready* yo fèt nan yon espri amizan epi entèraktif pou elèv kapab aprann poukont yo. Lè ou itilize Chrome oswa Safari pou gen aksè sou pòtay distri a epi itilize *i-Ready*, sa kapab amelyore eksperyans elèv la avèk pwogram nan. Lòt enfòmasyon pou gen aksè nan *i-Ready* sou iPad disponib la a: [i-Ready Intruksyon](#).

### > Klas K – 12 Lang ak Literati pou Debitan k ap Aprann Lang Anglè (ELLs)




**Imagine Language & Literacy** se yon solisyon adaptif pou aprantisaj ki akselere konpetans nan lekti ak langaj pou moun k ap aprann Anglè. Li te prepare pou siplemante ansèyman prensipal pou moun k ap aprann, *Imagine Language & Literacy* ofri enstriksyon ak pratik nan toulekat domèn aprantisaj yo-lekti, redaksyon, odisyon, ak konvèsasyon.

### > iStation pou Elèv ki nan Pwogram Bi-Leng (Dual Language Programs)



**iStation** se yon pwogram adaptif angajan sou konpitè ki evalye nivo konpreyansyon elèv yo nan Panyòl epi plase yo nan ansèyman entèraktif enterè siperyè sou entènèt. Yo dirije elèv yo atravè leson edikatif ki anseye yo aptitud ki pi enpòtan pou siksè elèv ki nan pwogram bi-leng (dual language).

### > Achieve 3000



**Achieve 3000** ofri solisyon diferansye sou ansèyman ki baze sou entènèt ki te prepare atenn moun k ap aprann Lang Anglè yo. *Achieve 3000* bay devwa diferansye nan 12 nivo lekti diferan, ansanm avèk evalyasyon fòmativ ki lye avèk estanda Eta a.